



(Chapit 847 1986 Lwa Sesyon Eta New York, Seksyon 812 Lwa sou Tribinal pou Fanmi. Seksyon 216 nan Lwa Jidisyè)

Lè gen yon ensidan ki rive lakay ou, lalwa egzijè pou yo ba ou yon eksplikasyon alekri sou metòd tribinal ak enfòmasyon souabri, ak lòt sèvis ki disponib anvan kòmansman yon metòd tribinal pou zak ki ka reprezante yon **Ofans Familyal**. Zak ki reprezante yon **Ofans Familyal**se Kondui Dezòdone, Asèlman 1<sup>ye</sup> ak 2<sup>èm</sup> Degre, Asèlman Grav 2<sup>èm</sup> Degre, Menas 2<sup>èm</sup> ak 3<sup>èm</sup> Degre, Menas Neglijan, Atak 2<sup>èm</sup> ak 3<sup>èm</sup> Degre oswa Tantativ Atak, Pouswit 1<sup>ye</sup>, 2<sup>èm</sup>, 3<sup>èm</sup> ak 4<sup>èm</sup> Degre, Malis Kriminèl, Atouchman Fòse, Move Konduit Seksyèl, Kadejak 2<sup>èm</sup> Degre sou (1), (kote viktim nan pa kapab dakò pou kèk faktè ki pa lè li gen laj swasann-dis ane), ak 3<sup>èm</sup> Degre, Trangle 1<sup>ye</sup> ak 2<sup>èm</sup> Degre, ak Antrav Kriminèl pou Blike Respirasyon ak Sikilasyon San, Vòl Idantite 1<sup>ye</sup>, 2<sup>èm</sup>, ak 3<sup>èm</sup> Degre, Vòl Senp 3<sup>èm</sup> ak 4<sup>èm</sup> Degre, Presyon 2<sup>èm</sup> Degre.

Ou gen dwa pou prezante dosye ou nan **Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, nan Tribinal Kriminèl** oswa toulède si zak ki te fèt la se te yon **Ofans Familyal** epi si ou se yon **manm menm fanmi an oswa kay la**. Yon moun ki fanmi oswa k ap viv nan menm kay se moun ki gen menm san, ki fanmi pa alyans, moun ki marye oswa ki te marye, moun ki gen timoun ansanm oswa moun ki te gen yon relasyon fanm ak gason, kèlkeswa lè yo t ap viv ansanm nan.

Pou yo trete ka w la nan yon **Tribinal ki Regle Zafè Fanmi**, ou dwe ranpli yon petisyon nan tribinal la. Kit ou vle fè yon pouswit kriminèl, kit ou pa enterese fè sa, ou ka toujou depoze akizasyon kriminèl la. Lè w pote yon ka nan yon Tribinal Familyal, li vin yon aksyon sivil, li pa yon aksyon kriminèl, e objektif prensipal aksyon sivil la, se sispann vyolans, mete fen ak vyolans lan k ap fè anndan fanmi an epi fè w jwenn yon lòdonans pou pwoteksyon w. Si w vle kontinye ak demach sa a, kontakte biwo grefye Tribinal pou Fanmi Konte Suffolk la nan **853-4289**.

Pou yo trete ka w la nan yon **Tribinal Kriminèl**, se pou gen yon ofans yo te fè epi se pou gen yon plent akizasyon ki anrejistre. Lajistis pa bezwen tann yo arete otè zak la pou l kòmanse trete ka a. Lè yon ka al trete nan Tribinal Kriminèl, sa ka debouche sou pouswit kriminèl, kondanasyon penal, epi sa ka lakò otè zak la vin gen dosye kriminèl. Si w vle pouswiv demach sa a, kontakte Pwokirè Distri Konte Suffolk ki okipe dosye vyolans domestik nan nimewo ki liste pi ba a pou gen lòt enstriksyon.

**Depatman Lapolis Konte Suffolk la pa poze kesyon sou estati imigran viktim yo, temwen yo, oswa tout lòt moun ki bezwen oswa k ap resevwa konkou lapolis.**

**Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Konte Suffolk (Suffolk County Coalition Against Domestic Violence): 666-7181** - Biwo; **666-8833** - liy asistans 24 sou 24; ; ede fanm yo bat yo jwenn yonabri ijan, jwenn jijman nan tribinal 7 jou sou 7; Gen avoka ki disponib nan tout komisarya yo. Konsèy, travay, ak èd legal dispobib. Sèvis nan de lang ak kapasite liy pou jwenn liy pou lang.

**Liy Dirèk Eta New York pou Rapòte Vyolans nan Kay 1-800-942-6906** (Español 9 AM - 5 PM **1-800-942-6908**)

**Biwo pou Enfòmasyon Viktim nan Suffolk (VIBS): 360-3730** - Biwo; **360-3606** (MESAJ VOKAL/TDD) - liy asistans 24 sou 24; Sèvis pou moun ki viktim kadejak, Sèvis Konsèy, Sèvis Defans, Akonpayman nan Tribinal, Pwogram pou Timoun, Pwogram Abi sou moun ki aje, Pwogram pou Agresè Sèvis Bileng.

**Brighter Tomorrows: 395-1800** - Ede moun ki vitim vyolans anndan lakay yo jwenn yonabri ak sèvis sipò pou yo ak pitit yo.

**Brighter Tomorrows Non-Residential Program: 395-3116** - 395-3116 - Ede jwenn defans devan tribinal / bay transpò/ konsèy / jwenn gwoup sipò enfòmasyon / referans ak pwogram pou timoun ki temwen Vyolans Domestik.

**The Retreat, Inc. (631) 329-2200** - liy asistans 24 sou 24; bayabri ijan ak sèvis sipò pou fanm yo bat ak tout pitit yo k ap viv nan pati lòt Konte Suffolk la. Sèvis yo bay nan 2 lang..

**The Suffolk County Crime Victims Center at PFML - 689-2672** Biwo; liy asistans 24 sou 24: **332-9234**. Sèvis pou moun ki viktim kadejak ak Sant pou Moun ki Viktim zak Kriminèl. Ede w jwenn konsèy, sèvis defans, akonpayman nan tribinal, asistans pou ranbousman tout frè krim nan te fè yo depanse yo, jwenn enfòmasyon ak referans. Sèvis nan lang panyòl ak nan plizyè lang. Enfòmasyon sou U Visa ak referans.

**VINE (Victim Information and Notification Everyday)** – Pou resevwa avi lè yo lage yon delenkan nan prizon. Pou ou ka anrejistre ou ka itilize youn nan metòd sa yo:

- Sou Entènèt nan sitwèb **VINELink.com** – viktim nan ap resevwa yon imèl lè yo pral lage delenkan an nan prizon
  - Sèvis telefòn otomatik nan **1-888-846-3469** – y ap rele viktim nan nan telefòn pou yo fè l konnen lè y ap lage kriminèl la nan prizon
  - Si viktim nan pa gen ni òdinatè ni yon telefòn, li ka kontakte **1-800-783-6059**. Viktim nan ap resevwa avi pa kourye sètifye lè yo pral lage yon delenkan nan prizon
- Fòm avi sa a pran plis tan epi sa ka rive ke delenkan an ka gen tan soti nan prizon anvan menm viktim nan resevwa avi sa a.**

**Asistans jiridik ak legal**

**Suffolk County District Attorney's Office Domestic Violence Unit: 853-4138/39** Cohalan Court Complex, 400 Carleton Ave. Central Islip, NY 11722-9082, Lendi- Vandredi, 9 AM - 4 PM

**Legal Aid Society: Kriminèl - 853-5212; Fanmi - 853-4343**

Bay konsèy jiridik epi ede moun ki pa gen mwayen pou yo peye pou konsèy prive jwenn sipò

**Nassau Suffolk Law Services: 232-2400** - Bay tout yon seri sèvis jiridik sou zafè sivil; asistans divòs, asistans piblik ak moun ki resevwa SSI kalifye otomatikman pou sèvis sa yo.

**Suffolk County Probation Intake: 853-4246 - Central Islip; 852-1939 - Riverhead** - Bay èd pou moun ki fè petisyon nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi. Petisyon sa yo gen ladan yo, men se pa sa sèlman, gad timoun, vizit ak sèten zafè ki gen rapò ak pansyon alimantè pou timoun.

**Lòt Sèvis Sipò**

**Depatman Sèvis Sosyal Konte Suffolk** - Bayabri/lojman akòz ijans nan kote ki konfidansyèl. Gen asistans ki disponib pou ede viktim yo demare pwosesis pou bay timoun yo pansyon alimantè Pou jwenn plis enfòmasyon sou Depatman Sèvis Sosyal la pandan lè nòmal lasemenn yo, ou ka rele Inite Repons Komisyonè a (Commissioner's Response Unit) nan **854-9935** pandan lajounen. Si w gen yon ijans apre lè biwo yo ki mande pou w jwenn yonabri rapid, manje, oswa gaz pou machin ou, tanpri rele liy dirèk pou ijans lan nan **854-9100**, 7 jou sou 7, 24 sou 24.

**The Ministries: 736-4800** - Èd pou Ijans (manje ak rad)

**Response Hotline: 751-7500** - Si w bezwen yon moun pou w pale sou sante mantal pa w oswa sante mantal pa yon lòt moun, dsou abi sibstans chimik, sou reta mantal, oswa sou andikap nan devlopman.

**Pronto Long Island: 231-8290** - Sèvis dirèk an de lang ki gen ladan enfòmasyon ak referans, sèvis sante ak pwovizyon manje.

**AL-Anon Family Group: 669-2827** Liy dirèk 24 sou 24 Konsèypou gwoup moun ak timoun sou alkòl.

**Liy Enfòmasyon Eta New York pou Rapòte Abi ak Neglijans sou Timoun: 1-800-342-3720**

**SANE:**

Si ou viktim nan yon atak seksyèl oswa nan yon kadejak, ou ka chèche swen medikal oswa koleksyon prèv nan Pwogram Sexual Assault Nurse Examiner (SANE). Ou ka mande lapolis pou l mennen w nan Sant SANE k ap pi bon pou ou a: Good Samaritan Hospital, Stony Brook Hospital, or Peconic Bay Medical Center. Ou kapab ale tou nan sèvis ijans youn nan lopital sa yo 4 jou apre yo te fin vyole w la epi mande pou al nan yon SANE, epi ou ka mande tou pou yon polisye akonpaye w, si w vle.

**Suffolk Project For AIDS Resource Coordination (SPARC): 369-8696** - pou tès VIH ak enfòmasyon ak referans.

## SI OU SE YON VIKTIM VYOLANS DOMESTIK

### Lapolis ka ede w:

- Jwenn yon kote pou w viv ansekirite, lwen zak vyolans yo.
- Jwenn enfòmasyon sou ki fason tribinal la ka ede w pwoteje tèt ou kont vyolans.
- Jwenn swen medikal pou chòk oumenm oswa pitit ou yo ka pran.
- Jwenn bagay ki nesèsè ou te kite nan kay la, pou ou ak pitit ou.
- Jwenn kopi rapò lapolis fè deja sou vyolans.
- Depoze yon plent nan tribinal kriminèl, epi fè w konnen tout kote w ka jwenn tribinal kriminèl ak tribinal ki regle zafè fanmi nan zafè ou an.

### Tribinal yo ka ede w:

- Si moun ki menase w oswa ki blese w la se yon manm nan fanmi w oswa si l ap viv nan menm kay avèk ou, ou gen dwa pou w mennen ka a devan tribinal kriminèl oswa tribinal ki regle zafè fanmi, oswa toulède.
- Si ou menm ak moun ki fè zak sou ou a pa soti nan menm fanmi ni nou p ap viv nan menm kay, lè sa a, se tribinal kriminèl sèlman ki ka tande ka w la.
- W ap jwenn fòm ou bezwen yo nan tribinal ki regle zafè fanmi oswa nan tribinal kriminèl.
- Tribinal yo kapab decide bay yon lòd pwoteksyon pwovizwa pou ou, pou pitit ou yo ak pou nenpòt temwen ki ka mande youn.
- Tribinal ki regle zafè fanmi an ka nonmen yon avoka pou ede w, si li wè ou pa gen mwayen pou w peye youn.
- Tribinal ki regle zafè fanmi an ka bay lòd pou egzijè pansyon alimantè ak gad pou pitit yo pou yon ti tan.

### Ou ka elijib pou jwenn tout sipò ou bezwen si w fè aplikasyon pou yon U-Visa.

U-Visa a se yon avantaj imigrasyon ke moun ki viktim yon seri de krim e k ap ede lapolis nan moman an oswa ki te bay lapolis yon kout men pou fè respekte lalwa nan yon ankò oswa nan pouwit jidisy? pou yon krim, oubyen yon moun tou lapolis jije ki ka itil nan yon ankò oswa nan pouwit aktivite kriminèl, ka mande.

**Lwa Eta New York Deklare:** "Si ou viktim nan vyolans domestik, ou ka mande ofisye a pou l ede w jwenn sekirite pou ou menm ak pitit ou, tankou ba w enfòmasyon tou sou fason pou jwenn yon lòd pwoteksyon pwovizwa. Ou ka mande ofisye a tou pou l ede w pran afè pèsonèl ki nesèsè ou, ou te kite nan kay la, epi vin chèche w kote w ye a, oubyen jwenn yon aranjanman pou l mennen ou menm ak pitit ou yon kote ki gen plis sekirite, ki nan jiridiksyon pa ofisye a, oswa tou, men sa pa konsène pwogram pou moun ki viktim vyolans lakay yo sèlman, li ka depoze w kay youn moun nan fanmi w ou byen kay yon zanmi w, oubyen tout lòt kote w ka an sekirite. Lè jiridiksyon ofisye a plis pase yon senp konte, ou ka mande ofisye a pou l mennen w oswa pou l jwenn yon fason pou l mennen oumenm ak pitit ou nan yon kote ki gen sekirite anndan konte kote ensidan an te pase a. Si oumenm oswa pitit ou ta bezwen swiv yon tretman medikal, ou gen tout dwa w pou mande ofisye a pou l ede w jwenn tretman medikal sa. Ou ka reklame yon kopi nenpòt rapò ou bezwen sou yon ensidan ki tepase, san w pa peye anyen, nan ajans lapolis la." "Ou gen pou chèche konsèy legal ou chwazi epi si ou ale nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, epi si yo detèmine ou pa gen mwayen pou pran yon avoka, yo dwe deziyen youn ki pou reprezante ou san ou pa peye anyen. Ou ka mande avoka distri a oswa yon ofisye ki la pou fè respekte lalwa pou w depoze yon plent pou krim. Ou gen dwa tou pou fè yon petisyon nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi lè yon moun fè yon zak familyal kont ou. Ou gen tout dwa w pou w depoze petisyon oswa demann lòd pou pwoteksyon w lan menm jou w parèt nan tribinal la, lajistis ka tande ka w la menm jou a oswa nan pwochen jou k ap gen sesyon nan tribinal la. Swa tribinal la ka bay yon lòd pwoteksyon kont konduit ki gen yon zak familyal ladan, tankou, pami lòt dispozisyon, yon lòd pou moun ki reponn nan oswa pou akize a kanpe lwen ou ak pitit ou. Tribinal ki regle zafè fanmi an ka pase lòd tou pou egzijè peman pansyon alimantè ak gad pou pitit ou yo pou yon ti tan. Si pa gen sesyon nan Tribinal Familyal la, ou ka mande tribinal kriminèl la pou l ede w jwenn yon lòd pwoteksyon, lamenm. Fòm ou bezwen pou jwenn yon lòd pwoteksyon disponib nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi ak nan tribinal kriminèl lokal. Ou ka jwenn resous ki disponib nan kominote sa a pou tout enfòmasyon ki gen rapò ak vyolans domestik, tretman moun ki pran chòk, kote pou w ansekirite akabri pwovizwa, lè w rele nan youn nan nimewo (800) pou apèl gratis sa yo: Si ou fè yon plent kriminèl oswa yon petisyon nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi ki gen akizasyon ou konnen ki fo, lè sa a ou fè yon krim"

---

**JWENN ÈD KOUNYE A - JWENN SEKIRITE - RETE AN SEKIRITE - RELE:  
1-800-942-6906 (Anglè) (24 sou 24) oswa 1-800-942-6908 (Panyòl)  
oswa rele Pwogram lokal konsènan Vyolans nan Kay**

#### **Police Headquarters**

30 Yaphank Avenue, Yaphank 852-6000

**Domestic Violence/Elder Abuse Bureau** 854-7520

#### **1<sup>st</sup> Precinct**

555 Rt. 109, West Babylon 854-8100

#### **2<sup>nd</sup> Precinct**

1071 Park Avenue, Huntington 854-8200

#### **3<sup>rd</sup> Precinct**

1630 5<sup>th</sup> Avenue, Bay Shore 854-8300

#### **4<sup>th</sup> Precinct**

727 Veterans Memorial Highway, Smithtown 854-8400

#### **5<sup>th</sup> Precinct**

125 Waverly Avenue, Patchogue 854-8500

#### **6<sup>th</sup> Precinct**

400 Middle Country Rd., Selden 854-8600

#### **7<sup>th</sup> Precinct**

1491 William Floyd Parkway, Shirley 852-8700